



Pou Piblikasyon Imedya: 16/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE YON KA MILYON RANDEVOU POU
VAKSEN KONT COVID-19 LA TE PRAN NAN DIMANCH-PI GWO ENSKRIPSYON
TOTAL NAN YON SÈL JOU DEPI KÒMANSMAN VAKSINASYON YO**

***250,924 randevou te rezève avèk siksè nan sit vaksinasyon eta a ap jere yo apre
ekspansyon kalifikasyon pou Nouyòkè ki gen komòbidite yo***

***1,645,941 depistaj endividyèl te fèt atravè zouti "[Èske Mwen Kalifye](#)" (Am I
Eligible) nan dimanch sèlman; 13 pousan depistaj total yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke nan dimanch, premye jou kalifikasyon pou Nouyòkè yo ki gen komòbidite, plis pase yon ka milyon randevou pou vaksinasyon te pran nan sit vaksinasyon an mas eta a jere-pi gwo enskripsyon total nan yon sèl jou depi lè vaksinasyon yo te kòmanse. Espesyalman, 250,924 Nouyòkè te pran randevou pou vaksen kont COVID-19 la nan yon vitès ki apeprè 10,000 pa èdtan. Anplis de sa, 1,645,941 depistaj te fèt sou zouti '[Èske Mwen Kalifye](#)' eta a nan dimanch, ki reprezante 13 pousan tout depistaj ki fèt sou sit sa a depi li te fèk lanse a.

Avèk pouse masif sa a ki fini, randevou yo kounye a rezève jiska 16 avril nan sit vaksinasyon an mas eta a ap jere yo, sof pou:

- New York State Fair - Rezève jiska 16 mas
- SUNY Potsdam - Rezève jiska 1ye avril
- Rochester Dome - Rezève jiska 4 avril
- SUNY Stony Brook - Rezève jiska 13 avril

"N ap travay di pou elaji kalifikasyon yo, rann li pi fasil pou Nouyòkè yo pran randevou ak jwenn piki nan bra yo atravè eta a, epi sistèm lan ap mache", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "250,000 randevou nan yon sèl jou se yon gwo etap, men nou kapab fè plis—nou sèlman bezwen plis apwovizyonman vaksen. N ap gade sistèm lan k ap mache—plis Nouyòkè ap dekouvri si yo kalifye, pran randevou ak jwenn vaksen. Men nou bezwen plis apwovizyonman nan men gouvènman federal la pou pouse efò vaksinasyon nou nan lòt nivo."

Lè randevou yo te premye ouvri pou sit vaksinasyon an mas eta a ap jere yo, plis pase 30 èdtan te pase anvan menm kantite moun yo te pran randevou tankou nan dimanch. Pandan moman gwo volim sa a, sitwèb randevou eta a ak sant dapèl yo tout te travay jan sa te planifye malgre ogmantasyon masif nan volim, epi nou ka atribiye sa ak travay

kontinyèl New York pou amelyore tou de resous yo. Depi lè zouti pou pran randevou yo te fèk lanse, gen yon sal datant similè ke pifò ajans tikè yo itilize ki te ajoute sou sitwèb la pou jere trafik la ak yon fonksyon tounen rele epi yon liy ki dedye pou Nouyòkè ki gen 75 ane ak plis ki te ajoute nan liy dirèk eta a.

Nan yon Koudèy: Done sou randevou 14 fevriye yo nan sit vaksinasyon an mas eta a ap jere yo

- **Randevou Total ki Pran:** 250,925
- **Depistaj Kalifikasyon Total atravè Zouti 'Èske Mwen Kalifye':** 1,645,941 (13 pousan nan tout depistaj yo depi janvyè)
- **Apèl Total nan Liy Dirèk:** 30,543
 - **Tan Dat Mwayen pou Liy Dirèk:** 24 minit, 43 segonn
 - **Tan Mwayen pou Pran Randevou apre Atant lan:** 13 minit, 36 segonn

Avèk Nouyòkè ki gen komòbidite ki ajoute yo, anviwon 10 milyon Nouyòkè kounye a kalifye pou resevwa vaksen an. Gouvènman federal la te ogmante apwovizyonman pa semèn nan a plis pase 20 pousan pou twa semèn k ap vini yo, men gran rezo distribisyon New York ak gwo popilasyon moun ki kalifye a toujou lajman depase apwovizyonman k ap soti nan gouvènman federal la.

Akòz apwovizyonman limite ak ajou 3 milyon Nouyòkè yo nan gwoup ki kalifye a, nou ankouraje ak kontinye ankouraje Nouyòkè pou rete pasyan lè y ap eseye pran randevou.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)